



## Espesyalman pou Timoun yo

### Konsèy pou Eksplorasyon Sans ki dezòganize

- Sekirite an premye!** Ak timoun ki piti sipèvizon se kle. Menm timoun piti kapan eksplorie an sekirite objè de tou lè jou ak sipèvizon yon gran moun bò kote yo. Sonje ke goute materyèl se yon fason de valè pou ke yon jèn timoun eksplorie. Sèvi ak materyèl ki pa toksik e fè atansyon an bagay ki bay alèji ak bagay ki ka toufe yo.
- Kreye sèn an.** Plis preparasyon ke ou ka fè an avans, plis eksplorasyon an prale pi byen. Eseye antisipe bagay ke w'ap bezwen - Ki zouti oubyen jwèt ke w'ap bezwen pou eksplorie materyèl? Eske w'ap planifye yon eksplorasyon mouye oubyen glise? Fè an sòt ke ou ken yon pakèt sèvyèt ki tou pre'w. Eske li salisan? Si ou mete yon pakèt ti twal mouye pou kapab siye salte yo. Ti rad yo bon, men dè fwa yon ansyen mayo oubyen po dekouvrir pi fasil pou netwaye.
- Kontwole salte.** Yon nap pou tab oubyen yon rido pou douch ke ou mete atè a bon pou sifas yo lè w'ap fè eksplorasyon ki salisan. Senpleman pliye li lè eksplorasyon an fini epi netwaye lè'w kapab. Kontenè plastik, plato kwizin oubyen chodyè, ak ti pisin pou timoun yo bon pou mete materyèl ki salisan. Konsèy pwofesyonèl: Pou materyèl ki ka pi mouye chanje kouvèti plastik lan a yon sèvyèt ki absòban.
- Swiv gid yo.** Ekplorasyon gratis pran tan e kapab pa byen pase premye fwa. Gade kijan ke pitit ou apwoche nouvo materyèl. Kisa ki fè yo pi kirye? Kijan ke ou kapab fè yo eksplorie plis? Eske yo montre enterè nan santi teksti, konpare e kontraste, mezire, sòtman, imajine, oubyen yon lòt bagay? Ki zouti ki kapab amizan pou sèvi ak materyèl lan?
- Rapwoche.** Gen de timoun (ak grannoun) ki renmen rapwoche bafay dousman a nouvo eksperyans e nouvo sansasyon. Si sa se fanmi'w, ou kapab toujou kòmanse piti e chache kwizin ou e zouti tankou kiyè, fwi, spatila, ets, pou ke ou pa bezwen manyen materyèl la menm kote an.



## Materyèl

Anpil nan bagay ki nan kay lan amizan pou eksplore ak sans ou. Jwe ak bagay pou sans ou se yon bon opòtinite pou timoun e pou granmoun kapan relakse yo. Lè w'ap selekte bagay ou yo, panse a sekirite anvan, e cheke ke yo pa toksik e yo pa kapab toufe tioun lan.

- Dlo, mete enpe nan yon savon vesèl, souke li = fom!
- Papye chire (papye vlope mache tou)
- Diri
- 1 kèp mayizane mikse ak  $\frac{1}{2}$  kèp kondisyonè pou cheve = Pat nyaj.
- Lèt kondanse ak koloran pou manje = Penti pou dwèt!
- "Kib" ki gwochè yon bòl oubyen gwochè yon kèp
- Jelatin ki pa gen savè
- Materyèl natirèl (fèy, flè, wòch, la nèj, branch)

## Zouti

Gade nan kwizin ou oubyen kote ou jwe pou kapab jwenn bagay ki amizan e sen pou sèvi ak materyè ou. Panse kreyativman, nenpòt bagay ka pase! Men de twa favori de Mize Discovery:

- Eponj
- Ti sèvyèt
- Kèp pou mezire
- Zouti Kwizin (louch, batè, spatila, lang)
- Koupè pou bonbon
- Bwòs penti
- Egoutwa
- Jwèt pou bèt

